ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№38 (23.446) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 2, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ

БЭЛЭТОКЪУЭ Владимир:

«Сочэ-2017» Урысей инвестицэ зэхыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым увыпIэшхуэ щеубыд

«Сочэ-2017» Урысей инвестицэ зэхыхьэшхуэм зэкIэ кърикIуахэм я гугъу щищым КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В.Хь. къыхигъэщхьэхукIащ:

- «Сочэ-2017» Урысей инвестицэ зэхыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэфащэн увыпIэ щеубыд. «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ корпораце» акционер зэгухьэныгъэм и стендыр къызэхуэсахэм я пащхьэ щрахьэм Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхьапIэм и къурш-металлургие комплексым и макетым деж къыщыщIадзащ. Кавказ Ищхъэрэм и IэхуэхэмкIэ министр Кузнецов Л. В. ар УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Д. А. иригъэлъэгъуащ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хлопонин А. Г., КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. сымэ кърихьэлIэу.

НэгъуэщI къэралхэм къыщащхэу продукцэр гъэмащIэным и лъэныкъуэкIэ Тырныауз къыщIэхьапIэр егъэжьэжыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Медведев Д. А. къыщыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа IэхуэхэмкIэ Правительствэм и комиссэм хуигъэува къалэнхэм. Мы проектыр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щагъэзэщIэну Iэху нэхъыщхьэ дыдэхэм хагъэхьащ.

Мы проектым къыпэкIуэну сэбэпынагъыр зыгъэлъэхьшэ щхьэхусыгъуэхэм ящыщ зыуэ альэндарэр щытащ щIыуэпсыр къагъэсэбэпын папщIэ зэуэ щIатын хуей уасэр зэрыльагэр. Абы къыхэкIыу КъБР-м и бюджетым и хьэкъкIэ 2016 гъэм яухащ технико-экономикэ Iэхуэгъуэхэм я мардэхэр гъэхьэзырынымрэ Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхьапIэм щыщыIэ руда гъэтIылъыгъэхэр къэбжьыкIынымрэ. Абы и фIыщIэкIэ хуэдэ зыбжанэкIэ нэхъ мащIэ ящIащ щIыуэпсым и хъугъэфIыгъуэхэр къагъэсэбэпын папщIэ зэуэ ятын хуейуэ щыта сом мелард 1,4-р.

ЩIыуэпсым и хъугъэфIыгъуэхэмкIэ федеральнэ агентствэм Тырныауз къыщIэхьапIэм хиубыдэ руда гъэтIылъыгъэхэр зыхуэдизым теухуа документыр кьищтащ икIи псом япэу зэлэжьын хуей щыналъэхэр яхухихащ. Апхуэдэу игъэхьэзыращ щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр къэзыгъэсэбэпынухэм 2017 гъэм КъБР-м хиубыдэу иратыну щы Iыхьэхэр.

2017 гъэм и щIышылэ мазэм УФ-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэмрэ Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и IэхуэхэмкIэ и министерствэмрэ зэщIыгъуэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэльыхьащ мы проектым и Iэхуэгъуэ нэхъыщхьэхэм, ар гъэзэщIанымкIэ нэхъ хэхауэ зэлэжьыпхъэхэм, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, финанс Iэхуэщ1апIэхэм ялэжьыну къапэщытхэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Налшык къалэ округым и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Налшык къалэ округым и щIыналъэм псэущхьэм хъэщхьэрыIуэ уз кьеуэлIауэ къызэрыщыщIагъэщам къыхэкIыу, «Ветеринарием и Iуэхукlэ» 1993 гъэм накьыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщIым 2017 гъэм мазаем и 22-м №38/02-332-м щIэту къыгъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ, хъащхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдын мурадкlэ:

1. Налшык къалэ округым и щIыналъэм хиубыдэ Трек гуэлым и гъунэм метрипщIкIэ пэжыжьэу къыдекIуэкIыу мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувын.

2. Карантиным и зэманым къриубыдэу мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа а щIыпIэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, ирашэну, щагъэхъуэкIуэну, апхуэдэу псэущхьэхэр а щIыналъэм кърашыну, псэущхьэхэмкIэ сату щащIыну хуиткIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдыным хуэгъэза Iэхуэхэр Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм щIыгъуу зэхилъхьэу игъэзэщIэну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мазаем и 28-м
№15-РГ

Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Арщыдан къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Арщыдан къуажэм хиубыдэу щIэIэ «Псынэ» узынщагъэр щрагъэфIакIуэ лагерым и щIыналъэм унагъуэ псэущхьэм хъэщхьэрыIуэ уз кьеуэлIауэ къызэрыщыщIагъэщам къыхэкIыу, «Ветеринарием и Iуэхукlэ» 1993 гъэм накьыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщIым 2017 гъэм мазаем и 21-м №38/02-320-м щIэту къыгъэхьа тхыгъэм тету, хъащхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдын мурадкlэ:

1. Лэскэн муниципальнэ районым хьыхьэ Арщыдан къуажэм и щIыналъэм щыщу ипщэ-къуэхьапIэ лъэныкъуэмкIэ мэз кусэм, ищхьэрэ-къуэхьапIэ лъэныкъуэмкIэ Арщыдан къуажэм и гъунэм, ищхьэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ Р-217 «Кавказ» федеральнэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгум, ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ Мэремкъуэт зэкъуэшхэм я уэрамым я къуэхьым къриубыдэ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувын.

2. Карантиным и зэманым къриубыдэу мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа а щIыпIэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, ирашэну, щагъэхъуэкIуэну, апхуэдэу псэущхьэхэр а щIыналъэм кърашыну, псэущхьэхэмкIэ сату щащIыну хуиткIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдыным хуэгъэза Iэхуэхэр Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм щIыгъуу зэхилъхьэу игъэзэщIэну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мазаем и 28-м
№16-РГ

● КЪБР-м и Правительствэм

КъалэныщIэхэр зыхуегъэувыж

КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и зэIущIэ мазаем и 28-м екIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий.

2016 гъэм зэфIагъэкIахэм, илъэсыщIэм зыхуагъэувыж къалэнхэм теухуауэ щытащ республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** и къэпсэльэныгъэр.

- 2016 гъэм ди министерствэм и лэжьыгъэр зэхьэбзу хуэгъэпсауэ щытащ къэрал политикэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр гъэзэщIэным, социально-экономикэ зыужьыныгъэм, хьэрычэт Iэхур егъэфIэкIуэным, республикэм инвестицэхэр кьешэлIэным. Ди къэралыр зэрыта щытыкIэ гугъур къэплъытэмэ, щыналъэм и социально-экономикэ унэтIныгъэм зыужьыныгъэфI игъэзащ, - жиIащ Рахаевым.

Апхуэдэу, республикэм и ВРП-р 2016 гъэм сом меларди 143-рэ хъуащ, ар 2015 гъэм елъытауэ проценти 101-рэ ирокъу. Мэкъумэш Iэнатlэм сом мелард 43,8-рэ и уасэ продукцэ къыщыщIагъэкIащ, ар ипэ ита гъэм елъытауэ проценти 5,9-кIэ нэхъыбэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ а Iэнатlэм и хэхъуэр адрей унэтIныгъэхэм зэребгъкIыр. Хуэныгъэ лэжьыгъэу ящIам и уасэр сом мелард 12,5-м нэсащ. 2016 гъэм псэуплэу метр зэбгъузэнатlэу мин 412,4-рэ яухуащ.

Илъэс кIуам сом мелард 28,5-рэ и уасэ Iэхуэтхьэбзэ цIыхухэм пщIэкIэ хуащIащ. Ди республикэм щыпсэухэм ику иту сом 21.790-рэ улахуэу кьахь. Ар зы цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыубгъуну яубзыхуам хуэдиткIэ щIегъу. Налогрэ нэгъуэщI ятыпхъэу сом мелард 16,5-рэ къыхахащ гъэ кIуам.

Республикэм щыпсэухэм къэрал, муниципальнэ Iэхуэтхьэбзэу 199-рэ электроннэ Iемалхэмкlэ зыIэрагъэхьэфынущ дяпэкIэ. Къалэн хуэдэ щагъэзащIэ Iэхуэщ1апIэм и къудамэу нэгъабэ плIы республикэм къыщызэIуахащ. А Iэхуэщ1апIэм и лэжьакIуэхэм блэкIа илъэсым Iэхуэтхьэбзэ мин 500-м щIигъу цIыхухэм хуащIащ.

Адрей илъэсхэм елъытауэ розничнэ сатум гъэ кIуам къыпэкIуам хэщIащ (процент 97,7-рэщ). Абы къеГъэлъагъуэ цIыхухэм кьащхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар.

Ди къэралым и Президент Путин Владимир и накъыгъэ унафэхэм ящыщу Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм къалэнитI и пщэ къыдохуэ. Апхуэдэщ къэралым и экономикэ щытыкIэм зегъэужьыныр, республикэм инвестицэ нэхъыбэ къызэрыкIуэ Iемалхэр егъэфIэкIуэнымрэ хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ защIэгъэкъуэнымрэ.

КъБР-м и къэрал программэхэр зэрагъэзащIэми кIэлъоплъ министерствэр, апхуэдэуи къэрал органым и властхэм я лэжьыгъэр зэрагъэзащIэм и фIагъыр илъэс кьэс къащIытэ.

Фейдэ къьегъэщыным пымыщIауэ социальнэ унэтIныгъэ зиIэ Iэхуэщ1апIэхэм къэралыр зэрадзIэпыкъунум и хабзэхэри яубзыхуащ. Абы и лъэныкъуэкIэ хьэрычэтыщIэхэр щрагъаджэу, чэнджэщ щрату илъэс зыбжанэ ипэкIэ къызэрагъэпэща Iэхуэщ1апIэр сэбэпышхуэ зэрыхъур къыхигъэщащ къэпсалъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэ нэхъыбэ кьаращIэлIэн мурадкIэ къащта унафэхэр, хабзэхэр зэрагъэзэхуэж.

2016 гъэм республикэм сом меларди 10 текIуадэу щагъэзэщIа проекти 6-м я фIыгъэкIэ пажьапIэ Iэнатlэу 700 къызэрагъэпэщащ. А проектхэр Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм технологие лъагэхэр къыщыгъэсэбэпыным хуэгъэпсауэ зэрыщытар къэплъытэмэ, ар ехъулIэныгъэшхуэщ. А инвестицэ проектхэр дяпэкIи зэрылажьэм, къыщIагъэкIым и фIагъым министерствэр кIэлъыплъынущ.

Экономикэ щIыпIэ щхьэхуэхэр, технологие лъагэхэм я парк къызэгъэпэщыным ехьалIа лэжьыгъэхэр ди республикэм щрагъэкIуэкI. УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу инвестицэ нэхъ зыхэлъхьэ хъуну къагъэлъэгъуа щIыпIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ.

2017 гъэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм зыужьыгъэвыж къалэнхэм хохьэ хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ ящыщу кьэрал дэлэпкъыныгъэ зратхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныр, хьэрычэтыщIэхэр зыIуэ административнэ лъэпощхьэпохэр гъэмащIэныр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ бизнесым зиужьынымкIэ Iэмал нэхъыбэ иратыну я мурадщ.

Хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьыныгъэ гъэ кIуам федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу республикэм сом мелуан 56,4-рэ къратащ. А мылъкур нэхъыбэу хьэрычэт Iэхуэм зрагъэужьыну къащта ахъшэм техуэ процентым, къащхьуа Iэмэпсымэхэм, социальнэ унэтIныгъэ зиIэ проектхэр гъэзэщIэным, нэгъуэщIхэми трагъэкIуэдащ.

2017 гъэм зыхуагъэувыжа къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ социально-экономикэ унэтIныгъэм игъэтэ зыужьыныгъэмрэ УФ-м и Президентым и ягъынкъуэ унафэхэр зэрагъэзащIэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэм и дежщIэ советым къыпщытэныжмкIэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным. Апхуэдэу я мурадщ республикэм и социальнэ щытыкIэр, экономикэр зегъэфIэкIуэнымкIэ ведомствэхэм зздай комиссэм и лэжьыгъэр яубзыхуну, 2034 гъэ пщIондэ КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегиер зэрагъэзэхуэжыну, хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ зрагъэубгъуну, нэгъуэщIхэри.

Рахаевым и къэпсэльэныгъэр ияха нэужь, Мусуков Алий министерствэм и унэтIныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ жэуап зыхьхэм я цIэ-унэцIахэр къагъэлъэгъуэну захуигъэзащ, щхьэж зэрылажьар къапщытэфын папщIэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Совет Союзым и Лыхъужь, Налшык щыщ Иллазаров Исай и фэеплъ Москва къыщызэIуахащ. Абы и цIэр зэрехьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и уэрамхэм ящыщ зым

Иллазаров И. И. мраморым къыхэщIыкIа и бюстыр щагъэуващ Поклоннэ щыгум Текlуэныгъэм и цIэкIэ и паркым Журт хьуГуэфIыгъуэхэмрэ холокостымкIэ щыIэ музейм. Бюстыр ищIащ Злоти Юрий.

Фэеплъым кьыбгурытщ Хэку зауэшхуэм и Лыхъужь хъуа бгырыс журтэм ятеухуауэ архивхэм къыхахыжа документхэмрэ сурэтхэмрэ зэрыльэ витринэ. «Дэ ди къэлэнщ тхыдэм и пэжыпIэр къэкIуэну щIэблэхэм къаухуэдгъэнэну», - жиIащ СТМЭГИ дунейпсо журт псапащIэ фондым и тхьэмадэ Захарьяев Герман. Урысей журт конгрессым и президент Каннер Юрий абы дыщIигъужащ бюстыр музейм и экспонат нэхъыщхьэу къызэрилъытэр.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэм хэтащ Лыхъужьым и куэрылъху Иллазаров Исай.

ХьыбарегъащIэ агентствэхэм къатахэм япкъ иткIэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм игъэхьэзыращ.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

ХамэщIым щыкIуэдахэм я фэеплъу

Гъатхэпэм и 5 - 8-хэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и библиотекэ псоми еджакIуэхэм щыдрагъэкIуэкIынущ «ГущIэм зыкъыдегъаз», «КIыхьт жьэгу пащхьэм дыхуэзышэж гъуэгур», «А махуэр зэи тщыгъупщэнкъым» тематикэ, литературэ-музыкэ пщыхьэщхьэхэр. «Тхыдэм и сыхьэтхэр» зыфIаща зэIущIэхэр. Гъатхэпэм и 7-м сыхьэт 14-м Кулиевым и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ унэм «Нэпскlэ гъэнщIа махуэ» район фэеплъ зэхьыхьэм щыщIидзэнущ.

БАЛЪКЪЭР лъэпкъыр хэкум щраша гъатхэпэм и 8-м Тырныауз къалэм и паркым, мемориал мывэр щагъэтIилъа щIыпIэм деж, сыхьэти 10-м щыгъуэ пэкIу щекIуэкIынущ. Абы хэтынущ Iуащхьэмахуэ щIыналъэмрэ Тырныауз къалэмрэ я администрацэхэм, дин Iуэхущ1апIэхэм я Лыкlуэхэр, районым и жылагъуэ организацэхэм, политикэ партхэм я унафэщIхэр, школакIуэхэр. Пэкlум кIуэнухэм мемориалым удз гъэгъахэр тралъхьэнущ, хамэщIым щыкIуэдахэр ягу къатэжIыжынущ. Иужькlэ, сыхьэт 11-м, Кулиевым и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ унэм и кино гъэлъэгъуапIэм зэхуэсахэр щрагъэпIынущ балъкъэр лъэпкъыр я лъахэм зэрырашам теухуа «Яхуимыщыкlакlэхэр» («Устоявшие») фильмым.

Гъатхэпэм и 15-м районым и хэкудж музейм, хуейхэм папщIэ, «Пэжыр текIуащ» тхыдэ экскурс-сыхьэт къыщылахлъхьэнущ.

Балъкъэр лъэпкъыр зэрырашаеу щытам теухуа Iэхуэгъуэхэр щIыналъэм и жылагъуэ псоми щекIуэкIынущ.

ТАРИМ Алисэ.

● Къабзагъэ

Жэщи махуи йолэжь

Гъатхэ махуэ уэфIэхэр хуэм-хуэмурэ къоблагъэ, уэсыр токI, апщондэхукIи фIеймрэ сабэмрэ щыпIэхэм щызэтрехь. Абыхэм къащIэж псыр уэрамхэр, газонхэр, зекIуапIэхэр зыгъэдахэ щхьэнтIагъэ ягъэтIысхэкIмрэ удз гъэгъахэмрэ ящIолъадэ, дунейм и щIыIэгъуэм гъуэгухэм тракIуа пшахъуэ-шыгъу зэхэлъыр егъэткIу.

НАЛШЫК къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и подрэд организацэхэу «Къалэ зеленхоз» МСДП-мрэ «Декоративнэ къэкIыгъэхэр» совхозымрэ гъуэгухэр, лъэс зекIуапIэхэр махуэ кьэс яГъэкъабзэ, сабэщыпI къалэнхэр зыгъэзащIэ зыпхъэнкI-Iузых машинэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ къагъэсэбэп.

Мы зэманым апхуэдэ техникэу, трактору, пхъэнкIийдэшу, экскаватору 8-м нэблагъэ уэрамхэм щолажьэ. ЦIыху щищым нэс зэщIагъэуIуауэ, гъуэгухэр ягъэкъабзэ, зэлъыIуах.

Гъуэгу, уэрам нэхъыщхьэхэр ялэ ирагъэщ. Къалэр гъэкъэбзэным жэщи махуи йолэжь.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Щэнхабзэ

«IэщIагъэм и щэхухэр»

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм щекIуэкIа «Iэщ1агъэм и щэхухэр» дерсхэр теухуат жьы хъуа тхыльхэр къэгъэщIэрэщIэжыным.

БИБЛИОТЕКЭМ тхыльхэр щызэрагъэпэщыж и къудамэм курыт еджапIэм щеджэхэр щIэх-щIэхьуэрэ ирагъэблагъэ. Мы зэм абы щыIар Налшык и школ №95-м щеджэжэм ящыщщ. Сабийхэр щагъэзгъэщIэжащ тхыльхэр къызэрагъэщIэрэщIэж, тхыльэ напэкIуэцIэр зэрызэхуахьэс Iемалхэм.

Тхыльхэр къэгъэщIэрэщIэжыным и мызакъуэу, къыдекIуэтей щIэблэр тхыльэ еджэным дегъэхьэхьныр я гуращIэ мы Iуэхур къызэзыгъэпэщащэм. Хэт ищIэрэ, реставратор Iэщ1агъэм дихьэхьэ къхэхэкIынкIэ мэхъу мы дерсым едэIуахэм.

ШЭРДЖ Дисэ.

Ди къуэш республикэхэм

Сом мелард 37-рэ зыхуэзэ проектхэр

АДЫГЕЙ. ***Мазаем и 27-м Сочэ и Олимп паркым и медицентрым къыщызэIуахащ Урысей инвестицэ зэхыхьэ. Абы щызэхуэсахэм яхэтщ АР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Къумпылы Мурат зи пашэ лыкIуэхэр.***

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, Сочэ щекIуэкI зэхыхьэм щызэхуос хэкум, хамэ къэралхэм я компаниешхуэхэм я унафэщIхэр, урысей губернаторхэр, хьэрычэтыщIэхэр, щIэныгъэлIхэр. Мы гъэм зэхьыхьэм зэхуиусэащ цIыху 4000-м нэблагъэ. Абы къыщыпсэльащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий.

Адыгейм абы утыку къыщрихьащ сом мелард 37-рэ зыхуэзэ инвестицэ проекти 9. Ахэр нэхъыбэу теухуащ щыналъэм и экономикэм и Iэнатlэ нэхъыщхьэхэр къызэщIэзыубыдэхэм: энергетикэм, мэкъумэшым, ерыскъыхьэкIым, ухуэныгъэм.

Архъыз зыщыгъыгъэпсэхухэм къахохъуэ

ЧЕРКЕСК. ***Гъэм и кIыхьагъкIэ лажьэ «Архъыз» курортым, 2013 гъэм и дыгъэгъазэм къызэIуахам, цIыху мелуан ныкъуэм щIигъум зыщагъэпсэхуащ.***

ИЛЪЭС къэс зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъыбэ мэхъу. «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м къызэритымкIэ, 2017 гъэм курортым къекIуэлIэнуэм процент 35 - 40 къахэхъуэнущ. «КСК» АО-м и генеральнэ унафэщIым зэрыжиIэмкIэ, зыплъыхьакIуэ, зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэр нэхъыбэ зэрыхъум елъытащ къэрычэтыщIэхэм хьэщIэщхэр, ресторанхэр, нэгузэгъэужьыпIэхэр, нэгуэгъэщI Iуэхущ1апIэхэри яухуэным зэрытегушхуэнур. Къапщтэмэ, «Архъыз» и бгылыжж кьежэхьыпIэм и кIапсэ гъуэгуищым зы сыхьэтым цIыху 6600-рэ щызэблэкIыфынущ, ауэ езы зыгъэпсэхупIэр апхуэдиз цIыху зыхуэй зэрэгъэзэным хуэхьэзыркъым. Аращи, хьэрычэтыщIэхэр трагъэгушхуэ мы щIыпIэм хьэщIэщхэр, щхапIэхэр щаухуэным.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Сочэ-2017» Урысей инвестицэ зэхыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым увыІэшхуэ щеубыд

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

ЗэІущІэм хэтащ Урысей Федерацэм Финансхэмкіэ, Экономикэ зыужьынырэмкіэ и министерствэхэм, Урысейм Щыіуэпсым и хьуґуэфыІыґуэхэмкіэ и федеральнэ агентствэм, КЪБР-м и Правительствэм, «Ростех» къэрал компанием, «Къэрал щІыб экономикэ банк» къэрал компанием, «ХьумапІэ банк» акционер зэгухьэныґъэ зэІухам, «Урысей мэкъумэш банк» акционер зэгухьэныґъэм, «Вольфрам» компание» акционер зэгухьэныґъэ зэхуэщІам я ІыкІыуэхэр.

Нобэм ирихьэлІэу наІуэ къэхъуащ проектым елэжьыныкІэ хьуну инвесторхэр. Ахэр «Ростех» къэрал компаниеи и унафэм щІэт Іуэхущ Іэхэмрэ «Вольфрам» компание» акционер зэгухьэныґъэ зэхуэщІамрэщ.

А компаниехэм хьэзыр ящІащ къэралым и финанс-кредит Іуэхущ Іапі э нэхъ ин дыдэхэм ящІыґъуу Урысейм Финансхэмкіэ и министерствэр зыхэпІна проектыр ґъэзэщІэнымк ь ь элъэІа финанс-экономикэ моделыр. Псори зэхэту мы проектым сом мелард 15 хуэдиз текІуэдэну кьабжащ. Абы щыщу сом мелард 12-р кредиту кьащтэну я мурадщ.

Къыхэралытэмкіэ, лэжьыґъэхэм я япэ лъэхъэнэм кьриубыдэу къэрал бюджетым и ахъшэкІэ проектыр зыґъэзащІэхэм кьадэІэпыкъунущ икІи а ахъшэм и хьэкІкІэ яухуэнущ комбинатым и иджырей инфраструктурэр. Проектым хьыхьэдэрей лэжьыґъэхэр бюджетым химыуфдэу ахъшэхэм я хьэкъкІэ ираґъэкІуэкІыну я мурадщ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныґъэм пыщІа Іуэхуэмкіэ Правительствэм и комиссэм 2015 гъэм бадзэуэґуэм и 29-м къищта унафэм ипкъ иткІэ вольфрамыр къыщІахьыу щІадзэжа нэужь округым и щІынальэм къыщызэрагъэпэщынущ металл быдэ дыдэхэмрэ налмэсхэмрэ зыхэлъ Іэмэпсымэхэр къыщІэзыґъэкІ кластер. Абы къэралым и промышленностым папщІэ стратегие мыхьэнэ иІэнущ. А комплексым и щытыкІэнум кьеззґъын модель Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхмкіэ и министерствэмрэ Урысейм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэмрэ ягъэхъэзыращ. ЗэкІэ кьызэралытэмкіэ, кластерым хьыхьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэу щы (къурш-металлургие комплексыщІэр, гидрометалургическэ заводыщІэр, «Тэрчналмэс» акционер зэгухьэныґъэр).

А псоми къадэкІуэу къэґэлъэґуэпэхъэщ вольфрам-молибден къыщІахьыпІэр егъэжьжьным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дежкІэ ежьлеІуэу мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Кьапщтэмэ, мы проектым хиубыдэу лэжьапІэ ІэнатІэщІэу 1400-р хуэдиз къызэрагъэпэщынущ. Абыхэм ящыщу ІэнатІэ 1000-р комбинатым, лэжьапІэ ІэнатІэу 400 хуэдизыр гидрометаллургическэ заводым щыІэнущ.

Сочэ щекІуэкІ зэхьыхьэшхуэм хиубыдэу, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Хлопонин А. Г., Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІынальэхэм я Іэтащхьэхэр къырихьэлІэу, КІуэкІуэ Ю. А. Іэщідзащ «Кавказым и щІыуэпсымкІэ центр» зэґуэхьэныґъэм дзлэжьэныкІэ зэґурыІуэныґъэм.

Апхуэдэу УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхмкіэ и министр Кузнецов Л. В., УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхмкіэ и министрым и къуэдзэ Байсултанов О. Хь., УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхмкіэ и министрым и къуэдзэ Резников А. В., Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым я Іэтащхьэхэр къырихьэлІащ «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныкІэ корпорацэ» акционер зэґуэхьэныґъэмрэ «Северштален-Д» зэґуэхьэныґъэмрэ зэращІыпІа зэґурыІуэныґъэм Іэ щыщІадзым.

«Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныкІэ корпорацэ» акционер зэґуэхьэныґъэм и стендым апхуэдэу щагъэлъагъуэ КЪБР-м и ерыскъы промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я продукцэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

ЩІы Іыхьэр зы гупым къыхагъэкІыу нэґуэщІ гупым хэґъэхьэным и Іуэхуэ кІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм щІышылэм и 30-м Налшык къалэ №92-ПП

Шэджэм къалэ жылагъуэм и щІынальэ администрацэм 2016 гъэм щыщхьэуІум и 24-м №628-м щІэту къыґэхьа лъэІум хэлІ ауэ, Урысей Федерацэм ЩІымкІэ и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэхэр зы гупым къыхагъэкІыу нэґуэщІ гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхуэ кІэ» 2004 гъэм дыґъэгаазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Хуэзыґъэм ирахьалІэ материалхэр къыщІэзыґъэкІ, пшахъуэ-мывэ зэхэлъым щелэжь Іуэхущ Іапі э щащІ ын папщІэ мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещаным, телевиденэм, информатикэм папщІэ щІыхэм, космическэ лэжьыґъэм, зыхъумэжьныґъэм, шынаґъуэншагъэм папщІэ къагъэсэбэп щІыхэм, нэґуэщІ мурад хэхамкІэ къагъэсэбэп щІыхэм хэґъэхьэн метр зэбґъуэзнатІэ 26494-р хьу, 07:08:1200000:206 кадастр номерыр зиІэ, Шэджэм къалэм и ґъунапкъэм хиубыдэ щІы Іыхьэ.

2. «Мылъкур къэралым итхьныкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапі эм и федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм чэнджэщ етын ямыґъэІэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныґъэхэр хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ І
МУСУКОВ Алий.

ЩІы Іыхьэр зы гупым къыхагъэкІыу нэґуэщІ гупым хэґъэхьэным и Іуэхуэ кІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм мазаем и 16-м Налшык къалэ №14-ПП

Аруан къуэжэм и щІынальэ администрацэм 2016 гъэм дыґъэгаазэм и 9-м къиґъэхьа лъэІум хэлІ ауэ, Урысей Федерацэм ЩІымкІэ и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэхэр зы гупым къыхагъэкІыу нэґуэщІ гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхуэ кІэ» 2004 гъэм дыґъэгаазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 6-нэ статьям, «Урысей Федерацэм и мылъкуу щыт щІыхэм нэмыщІ, мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ адрей щІы Іыхьэхэр нэґуэщІ гупхэм хэґъэхьэным теухуа лъэІумрэ абы щыґъу адрей документхэмрэ зэрагъэхьэзыр щІыкІэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм жэпуэґъуэм и 5-м къыдиґъэкІа унафэ №181-ПП-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Аруан муниципальнэ районым щыщ Аруан къуэжэм и щІынальэм хиубыдэу автомобилкІэ къыщызэдзэкэ ґъуэґу ящІын папщІэ мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещаным, телевиденэм, информатикэм папщІэ щІыхэм, космическэ лэжьыґъэм, зыхъумэжьныґъэм, шынаґъуэншагъэм папщІэ къагъэсэбэп щІыхэм, нэґуэщІ мурад хэхамкІэ къагъэсэбэп щІыхэм хэґъэхьэн метр зэбґъуэзнатІэ 30096-рэ, метр зэбґъуэзнатІэ 689-р, метр зэбґъуэзнатІэ 22251-рэ, метр зэбґъуэзнатІэ 2965-рэ хьу, 07:07:3600000:753, 07:07:-3600000:1121, 07:07:3600000:1123, 07:07:-3600000:1134 кадастр номерэр зиІэхэр.

2. «Мылъкур къэралым итхьныкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапі эм и федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм чэнджэщ етын ямыґъэІэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныґъэхэр хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ І
МУСУКОВ Алий.

Къарумрэ щІэныґъэмрэ зэґъусэмэ

● КЪБР-м и Парламентым

КЪБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ кІыхэхахэр спортым хуґъэсэныкІэ щІэнныґъэ щІыґъуэ зэІущІэм хэлъ щІыґъуэ щІыхьэ зэрыщІэнымкІэ щІыґъуэ щІыґъуэ Жанатаев Сэлим, КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр, КЪБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и ІыкІуэхэр, спортым и лІэужьыґъуэ щхьэхуэзэкІэ тренерхэр.

ДЕПУТАТХЭМ я пэщІыкІэ центрыр зрагъэлъэґуащ, абы мылъкур техникэкІэ бґъэдэлъ зэфІэкІым щыґъуазэ защІащ, спортсменхэм зэрызагъасэм кІэлъоплъащ. «Пэшхэр зэрызэрахьэр хуабжьу дигу иригъаащ. Зэпымыууэ щІыхь кэдэ щызэблэкІ пэтми, щхьэпсыр унэр, спорт залхэр даґъуэ гъэпсыкІ хурмышІыну зэрахьэ, хуабжьу, къабзэлъабзэщ. Апхуэдэу ІэнатІэр зепхъэн папщІэ уи лэжьыґъэр ипэжьпІэкІэ фІыуэ плъагъуу щытын хуейщ»,- жиІащ Жанатаев Сэлим.

Парламентархэр еплъащ сабий, ныбжьыщІэ ныкъэдэкІыуэхэм я узынщагъэр щызэфІэзыуэжь школмк. Кулушин Александр хьэщІэхэм яхуиІуэтащ эи узэншагъэр зэкІэлъэныкІуэ щІыкІуэхэм зэрадзлажьэр, абыхэм я зэфІэкІым зэпымыууэ зэрыхэхъуэр.

Апхуэдэу КЪБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур къыґъэлъэґуэжащ пэш псори нэґъэсауэ кІыхьэрагъэсэбэпыр, нэщІу зыри кІыхьэрыныпэр. Уеблэмэ, КЪБР-м и командэ кІыхьэхахэр спортым щыхуаґъэхьэзыр центрым нэхъри зрагъэубґъуну я мурадщ. Абы папщІэ кърагъэжьа унэщІэм хэтынущ хьэщІыщ, щІыхуи 120-рэ зыщІэхуэ щхапІэ, спортым зыщыхуагъасэ пэшыщхуэ, КЪБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и административнэ пэшхэр.

Псалъэмакъым пащащ зэІущІэр кІыхьэІуаха нэужь. КЪБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ Кьардэн Мурат кІыхьэщхьэхуІащ спортсменхэм я щІэблэщІэ кІыхьэфІэґъэзэвэным, зэфІэкІышхуэ зыбґъэдэлъ спортсменхэм я Іэзаґъэм хэґъэхуэным, спортсменхэр зэпымыууэ егъэджэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи абы теухуа псалъэмакъыр зэІухауэ, нехьэкІ-кьехьэкІ хэмылъу ираґъэкІыІыну псори кІыхьуриджащ.

«КЪБР-м и командэ кІыхьэхахэр спортым хуґъэхьэзырыныкІэ центр» цІэр фІащри 2015 гъэм зэґуагъэхьэжауэ щытащ ЗэфІэкІышхуэ зыбґъэдэлъ спортсменхэм я школыр, Спортым зыхуґъэхьэзырыныкІэ центрыр, «Налшык» спорт комплексыр. Кьардэн Мурат зэрыжиІамкІэ, мы зэІущІэр зытраухуар апхуэдиз Іуэхущ Іапі эр зэґуагъэхьэжащ хуей щІэхьэуамрэ абы кьрикІуэхэмрэ нэрылъагъу къащІын папщІэщ.

Хэжь Заур къиґъэльэґуащ спортым дихьэх щІалэґъуэлэмэ зэфІэкІышхуэ зыбґъэдэлъ спортсменхэмэ загъэсэн папщІэ республикэм щыІэ Іэмалхэр нэрылъагъу зэрефІэкІуар. Нобэм ирихьэлІэу, кьыхґъэщхьэхуКІащ министрым и къуэдзэм, центрым зэпымыууэ сабий 75-рэ щыІэщ икІи абыхэм дзюдом, бэнэкІэ хуитым, алыдж-урым бэнэкІэм, боксым, атлетикэ хьэлъэм зыхуаґъасэ. Спортсмен ныбжьыщІэхэр псэупІэкІэ, шхынкІэ, спорт Іэмэпсымэхэмрэ щыґъынхэмкІэ тэмэму кьызэґъэпэщащ. ИджыпстукІэ абыхэм я псэупІэр «Къужьей хадэ» санаторэрщ. ЦІыкІуэхэм загъэсэн папщІэ транспорт хэхакІэ махуэ кьэс тІэу центрым кьашэ.

Центрым щагъасэ щІалэґъуэлэм зэфІэкІ пыхуэкІаґъэ кьагъэльэґуэу щІадза нэужь республикэм и команд я кьыхэхахэм, иужькІэ - къралым и командэ кІыхьэхахэм хагъэхьэ. Я зэфІэкІыр зыхуэдизым елъытауэ абыхэм апхуэдэу саугъэтхэр, стипендиехэр кьрат.

КЪБР-м и командэ кьыхэхахэр спортым хуґъэсэныкІэ центрым и унафэщІым спорт лэжьыґъэмкІэ и къуэдзэ Щоджэн Сультіан нэхъ зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ Іуэхущ Іапі эр зэрылажьэм. Ар 2000 гъэм щыщхьэуІум и 15-м кьызэІуахауэ щытащ. Центрым екІуэлІэкэр республикэм и спортсмен нэхъ лъэщ дыдэхэрщ. Абыхэм я зэфІэкІыр лъэхъэнэ пыухыкІахэм ятещІыхьауэ спортым зыхуэзыґъасэхэм хуаґъэувэм езэґъыу щытын хуейщ. Іуэхущ Іапі эм кьеклуалІэкэр хуаґъасэ бэнэкІэ хуитым, алыдж-урым бэнэкІэм, дзюдом, атлетикэ псынщІэм, атлетикэ хьэлъэм, боксым, тхэквондом, иджырей пятиборьем.

Спортым ильэс куэдкІэ хуаґъэхьэзырынуэр кьыщІыхахкІэ ткІийуэ кІэлъоплъ кандидатхэм я зэфІэкІым, абыхэм ябґъэдэлъ кьарумрэ узынщагъэмрэ. Спортым и олимп лІэужьыґъуэ нэхъыщхьэхэмкІэ ягъэхьэзырын папщІэ жэщми мэхуэми центрым щыІэну, щеджэну, зыщаґъэсэну кьыхах абы хуэфащэн зэфІэкІ кьэзыґъэльэґуэ, спортымкІэ япэ разрядэ зиІэ щІалэґъуэлэр. Лъэхэнэ пыухыкІам кьриубыдэу я зэфІэкІым хагъэхьэн папщІэ спортым и олимп лІэужьыґъэмкІэ кьыхах спортсменхэми зыхуэфащэ ехьэлІэныґъэ кьагъэльэґуэу, Урысейм спортымкІэ и мастерым и кандидатым хуэфащэн мардзэкэ ягъэзэщІауэ щытын хуейщ. Спорт Іэзаґъ нэхъ льагэ дыдэм лъэхъэнэкІэ хуаґъасэн папщІэ кьыхах Урысейм спортымкІэ и мастерым хуаґъэув мардзэкэ зэґъэзэщІаХэр, спортсменхэм я щІэблэ щІымыгъыкІ зэґъэґъуащ. Спорт Іэзаґъ нэхъ льагэ дыдэм лъэхъэнэкІэ хуаґъасэн папщІэ кьыхах Урысейм спортымкІэ и мастерым хуаґъэув мардзэкэ зэґъэзэщІаХэр, спортсменхэм я щІэблэ щІымыгъыкІ зэґъэґъуащ. Абыхэм хиубыдэу спортсменхэр зэраґъасэмрэ ахэр зэрызэхъэзэхуэмрэ тэмэму зэпалъэт, махуэ псом егъэджэныґъэри лэжьыґъэри зэрекІуэкІынур тэмэму егупсысауэ кьызэрагъэпэщ.

А псомк ь ащ Іуэхущ Іэ ґъэсэныґъэ лэжьыґъэри зыщґъагъэґупщэркъым. Апхуэдэу спортсменхэм зэрызагъасэм, ахэр зэрызэхъэзэхуэм дохутырэмкІэ я нэІэ тетщ. Центрым щыщыІэ зэманым спортсменхэмрэ тренерхэмрэ ґъуэґупщІэ ятыркъым, ахэр псэупІэрэ шхынкІэ, хущхьэ зэмылІэужьыґъуэхэмкІэ пщІэншэу кьызэрагъэпэщ.

Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физкультурэмрэ спортымкІэ и факультетым и деканТхьэзэпІ Іэниуар кьыщыпсалъэм жиІащ спортым и олимп лІэужьыґъэхэм щыхуаґъасэ еджапІэ щхьэхуэ республикэм кьыщІэзІухьинымкІэ щыІэ Іэмалхэм хэпІэн хуейуэ кьызэрилъытэр. Абы кьыкиґъщІыкІащ спортым и Іэнатіэ зэмылІэужьыґъэхэм я щІэнныґъэ-методикэ пІьабжьаэхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ спорт федерацэкэр, КЪБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэр зэрызэдзлажьэм арэзы укъызэримыщІыр.

ЗэІущІэм апхуэдэу кьыщІэтащ тренерхэм я лэжьапІэр зэрыщІыкІур, зэхъэзэхуэхэм щыкІуэм деж спортсменхэр ирипсэун папщІэ ират ахъшэм хэґъэхьуэн зэрыхуейр. А псомк ь ащ Іуэхущ Іэ КЪБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм чэнджэщ пыухыкІахэр ирататщ. Абыхэм ящыщщ щІыналъэ зэхуакъ, урысейпсо, дуней псо зэхъэзэхуэхэр спортым и лІэужьыґъуэ щхьэхуэхэмкІэ республикэм кьызэрыщІызґъэпэщыр егъэфІэкІуэныр, ди спортсмен пэрытхэр 2020 гъэм екІуэкІыну Олимп Джэґуэхэм кІуэну командэ кьыхэхахэм хэхуэн папщІэ ираґъэкІуэкІ лэжьыґъэр щІэґъэхуэбжьэныр.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Хадэхэкіхэр

Гъатхэм зыхуаґъэхьэзыр

Налшык фІэІуґъэ щаґъэхьэзыр и заведуным ґъатхэм зыхуеґъэхьэзыр.

ІУЭХУЩІАПІЭМ зэман кІыхькІэ телъэжьхьыну щы гектар 300-м нэблагъэ бґъэжэну иІыґъщ.

Зыхуэй хуэзэу явауэ ґъэщІэкІа щІым псыґъэр хъарзынэу иІыґъщ, мы ґъэм уэсыр Іуву зэрытелъам и фІыщІэкІэ. Мыґувэу щІадзэнурэ абы щыґъэпщэрхэмкІэ елэжьнущ, яґъэщґъэнущ.

Ялэу хасанущ джэщ щхъуантІэмрэ фІэІуґъэхэм халъхъэ къэкІыґъэхэмрэ. Абы кьыкІэлъыкІуэнущ нащэр, помидорыр, пхъыр, бжьыныр, бжьныхуэр.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Республикэм исхэм гу зылъатапхъэ

КьэхъуакъащІэ щхьэхуэхэм, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япыщІа щІэпхъаджагъэхэр зэралжьам е ялжьыну зэрызэґъэхьэзырым фыщґъуаззэмэ, фыхэтми кьыхэзвмыґъэщу, хъыбар евґъащІэхунущ УФ-м Къэралкъуэдэ Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм.

Ди адресхэр:
Электрон теплъэ зиІэ хъыбархэм папщІэ - skfo.mvd. ru;
Пощт адресыр: 357500, Ставрополь край, Пятигорск къалэ, Лермонтовым и уэрам зэблэкІыпІэ, 3.
Телефоныр: 8(8793) 32-59-98.

Бжьамийхэр Герхожан щахъуэж

2014 гъэм бґым къеха ятІэпсым и зэран зэкІа щІэжьпІэр (коллектор) Тырныауз къалэм щызэрагъэпэщыж.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

ФЕДЕРАЛЬНЭ бюджетым Урысей Федерацэм и МЧС-м нэґъабэ хухиха сом 1 мелуанрэ мин 822-р къагъэсэбэпри, нобэ ирихьэлІэу щІыпІитІым лэжьыґъэ псоми щызэфІагъэкІащ. Псы зэхуэхьэсыпІэ къиґъэжьІахэр къагъэхьэбзащ, зыхуей хуаґъэзащ. Іуащхьэмахуэ районым и электросетхэр зыхуэзэ щІыпІэмрэ Герхожан псым деж ятІэпсыр щызэблагъэкІ кІэнауэр зрикІуэ Іыхьэмрэ бжьамийхэр щахъуэжащ.

КъыкІэлъыкІуэу, вольт мащІэ Іэмэпсымэ заводым и Іашэльащэм щыІэ, псыр пІалъэкІэ защхьащІыхь станцыр ремонт ящІыну, щІэжьпІэ ерэзэзыкъуэу километр 1,8-р зэрагъэпэщыжыну я мурадщ.

ТАРИМ Алисэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 2, *махуэку*

♦МафІэдзым (сенычым) и дунейпсо махуэщ
♦1796 гъэм Бонапарт Наполеон франджы армэм и унафэщІу ягъэуваща.
♦1855 гъэм Урысейм и император хьуащ Александр ЕтІуанэм Іэ щІидзащ цІыхуэхэр я гъэпщылІу мыдэным, хуит къэхъуж мэкъумэшыщІэхэм я Іуэхур зэрыхъунум теухуа унафэм.
♦1863 гъэм США-м и ЩІэныґъэмкІэ и лъэпкъ академиер къызэрагъэпэщащ.
♦1920 гъэм Москва Печатым и унэ къыщыІэуахащ. Иджыпсту ар Журналистым и Унэ нэхъыщхьэрщ.
♦1923 гъэм Америкэм къыщыдэкІащ «Time» журналым и япэ номерыр.
♦1931 гъэм США-м и Конгрессым къэралым и лъэпкъ гимныр къищтащ.
♦1991 гъэм Латвиемрэ Эстониемрэ референдум щекІуэкІащ СССР-м къыхэкІыным теухуауэ. Латвием щыпсэухэм я процент 75-м нэблагъэ, Эстониеми исхэм я процент 78-м щІигъу и телъхэ хуит я къэралхэр щхьэхуэ хъуныр.
♦Шотландием щыщ щІэныґъэлІ, къэхутакІуэ, телефоныр къэзыґупсыса, Америкэм телекоммуникацэ ІэнатІэм зыщІужьыныр хэлъхьэныґъэшхуэ хуэзыща **Белл Грейам Александр** къызэралъхьэрэ илъэси 170-рэ ирокъу.
♦Грозный Иванрэ Гуащэнэрэ (Мариерэ) я къуэ **Василий** къызэралъхьэрэ илъэси 454-рэ ирокъу.
♦ТхыдэкІ, Кавказым и этнограф, адыґэкэм куэдрэ ятетхыхьа **Люлье Леонтий** къызэралъхьэрэ илъэс 212-рэ ирокъу.
♦Урыс еджагъэшхуэ, щІэблэр егъэджэныґъэ щІэныґъэр и лъабжьэу зэтеухуэныкІэ фІыщІэнэхуэ зыбґъэдэлъ **Ушинский Константин** къызэралъхьэрэ илъэси 193-рэ ирокъу.
♦Адыґэй усакІуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Андырхуей Хъусен** къызэралъхьэрэ илъэс 97-рэ ирокъу.
♦СССР-м и цІыхуэ артисткэ, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Саввиэ Іи** къызэралъхьэрэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Урысей модельер, суэтыщІ, къигупсыс фэилъхьэґъуэ тельыджэхэмкІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа **Зайцев Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦РСФСР-м и цІыхуэ артист **Богатырёв Юрий** къызэралъхьэрэ илъэс 70 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІыкІ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 3, *мэрем*

♦ТхакІуэм и дунейпсо махуэщ
♦Куржым щагъэлъапІэ Анэм и махуэр
♦Къыґуэзым и Къэрал ныпым и махуэщ
♦Болгарием и лъэпкъ гуфІэґъэщ - уэсмэнхэм я пщылІыґъэм къыщыщІэкІа, езыхэм я къэралыґъуэр щызэрагъэпэщыжа махуэщ. 1396 гъэм къыщыщІэдзауэ 1878 гъэ пщІондэ Болґариер Уэсмэн империем хьыхьэу щытащ.
♦Японием щагъэлъапІэ хъыджэбз цІыкІухэм я махуэр
♦1613 гъэм Романов Михаил Фёдор и къуэр Урысейм и пащтыхьу щыхъащ цІыхубэ я лІыкІуэхэм я зэхуэс нэхъыщхьэм.
♦1861 гъэм Урысейм и император Александр ЕтІуанэм Іэ щІидзащ цІыхуэхэр я гъэпщылІу мыдэным, хуит къэхъуж мэкъумэшыщІэхэм я Іуэхур зэрыхъунум теухуа унафэм.
♦1863 гъэм США-м и ЩІэныґъэмкІэ и лъэпкъ академиер къызэрагъэпэщащ.
♦1920 гъэм Москва Печатым и унэ къыщыІэуахащ. Иджыпсту ар Журналистым и Унэ нэхъыщхьэрщ.
♦1923 гъэм Америкэм къыщыдэкІащ «Time» журналым и япэ номерыр.
♦1931 гъэм США-м и Конгрессым къэралым и лъэпкъ гимныр къищтащ.
♦1991 гъэм Латвиемрэ Эстониемрэ референдум щекІуэкІащ СССР-м къыхэкІыным теухуауэ. Латвием щыпсэухэм я процент 75-м нэблагъэ, Эстониеми исхэм я процент 78-м щІигъу и телъхэ хуит я къэралхэр щхьэхуэ хъуныр.
♦Шотландием щыщ щІэныґъэлІ, къэхутакІуэ, телефоныр къэзыґупсыса, Америкэм телекоммуникацэ Іэнатіэм зыщІужьыныр хэлъхьэныґъэшхуэ хуэзыща **Белл Грейам Александр** къызэралъхьэрэ илъэси 170-рэ ирокъу.
♦Совет тхакІуэ, усакІуэ, драматург **Олешэ Юрий** къызэралъхьэрэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦Философие щІэныґъэхэм я доктор, Адыґэ Республикэм щІэныґъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыґэйм и къэрал педагогикэ институтым и ректору щыта **ЕкІыкъуэ Александр** къызэралъхьэрэ илъэс 96-рэ ирокъу.
♦Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ къэрал, политикэ лэжьакІуэ, щІэныґъэлІ **Къардэн Зэмахъшэрий** къызэралъхьэрэ илъэс 96-рэ ирокъу.
♦Урысей Федерацэм и цІыхуэб артисткэ **Марковэ Риммэ** къызэралъхьэрэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Адыґэ усакІуэ, драматург **Мысачэ Пётр** къызэралъхьэрэ илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Кинорежиссёр, тхакІуэ, композитор, продюсер, ЩІДАА-м и академик **Къандур Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, УФ-м и цІыхуэб артист **Мартынюк Георгий** къызэралъхьэрэ илъэс 77-рэ ирокъу.
♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Молей Алихъан** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Урысей жылагъуэ лэжьакІуэ, политик, «Новое литературное обозрение» тхылъ тедзапІэр зыкъыдэлъ ґъэпэщ икІи абы и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Прохоровэ Ирина** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІыкІ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 15, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыґъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыґъэ:

Дахэр зыґъэдахэр и щэнщ.

460

Урыс пащтыхь Николай Езанэм и хъумакІуэхэр адыґэ уэркъхэт. *(1840-1845 гъэ).*

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Зэпсэлъэныгъэхэр

Сыт Путин Владимир Азие Курытым щІэкІуар?

Мазаем и иужьрей махуитІыр Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир азие къэралыгъэхэм щигъэкІуащ. Хэт и деж ар здэкІуар икІи сыт хуэдэ Іуэхукіэ?

МЫ ТХЬЭМАХУЭМ и пэщІэдзэм Путин Владимир щыІащ Къэзахъстаным, Таджикистаным, Кыргызстаным и президент Назарбаев Нурсултан, а махуэ дыдэм Душанбе щыхуэзащ Таджикистаным и президент Рахмон Эмомали. КъыкІэлъыкІуэ махуэм, мазаем и 28-м, Урысейм и ЛІыщъэр Бишкек щепсэлъащ Кыргызстаным и президент Атамбаев Алмазбэч.

Къэзахъстаным щекІуэкІа зэІуащІэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэм и щытыкІэм, ар егъэфІэкІуэным, къыщынэмыщІауэ, дуней-псо щытыкІэм - Сирием къыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэм (Къэзахъстаным тІэнийрэ щызэхэтащ Сирием теухуа зэІущІэхэр).

«Урысейр ди дежкІэ япэ щитщ политикэми экономикэ ІэнатІэми», - жиІащ Назарбаевым. - Апхуэдэ зэпыщІэныгъэщ зэныбжьыгъу къэралыгъуитІым я зэхуаку дэпъын хуейр».

Путин Владимир Назарбаевым фІыщІэ хуищІащ Сирием теухуа политикэ уэзыуа зэрИэм папщІэ. Урысей лІыщхьэр зэрегупсысмкІэ, Астана щекІуэкІа зэІущІэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ Женевэ щекІуэкІыну зэпсэлъэныгъэхэм.

«Къэбгъэлъагъуэмэ, Іэмал щыІэ хъуащ зауэр къэгъэувыІэным укІэлъыплъыныжмкІэ. Абы и фІыгъэкІэ зэпсэлъэныгъэм Женевэ щыпытщэфынущ», - жиІащ Путиным. Абы къыхэзгъэлъэныгъэ, Къэзахъстаныр а зэІущІэм и къэухьагъэ аракъым, атІэ Астана щекІуэкІа зэпсэлъэныгъэхэр екъуІэлъэныгъэкІэ иухыными хуэщхьэпащ .

Экономикэ унэтІыныгъэм и гугъу щищІым, Путин Владимир къыхихыгъэщащ Къэзахъстаныр Урысейм и дарэгъу ныкъуэщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр.

«Пэжщ, гу лъыдэтэ сату зэпыщІэныгъэхэр нэхъ кІащхъэ зэрыхъуам. Ар зэлъытар дунейпсо рынокым «уасэхэр зэрыщыджэгурщ», - жиІащ урысей лІыщхьэм. - Ауэ лъагъуэхэр къыхэтІан, а махуэ дыдэм Душанбе щыхуэзащ Таджикистаным и президент Рахмон Эмомали. КъыкІэлъыкІуэ махуэм, мазаем и 28-м, Урысейм и ЛІыщхьэр Бишкек щепсэлъащ Кыргызстаным и президент Атамбаев Алмазбэч.

Къэзахъстаным щекІуэкІа зэІуащІэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэм и щытыкІэм, ар егъэфІэкІуэным, къыщынэмыщІауэ, дуней-псо щытыкІэм - Сирием къыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэм (Къэзахъстаным тІэнийрэ щызэхэтащ Сирием теухуа зэІущІэхэр).

«Урысейр ди дежкІэ япэ щитщ политикэми экономикэ ІэнатІэми», - жиІащ Назарбаевым. - Апхуэдэ зэпыщІэныгъэщ зэныбжьыгъу къэралыгъуитІым я зэхуаку дэпъын хуейр».

Путин Владимир Назарбаевым фІыщІэ хуищІащ Сирием теухуа политикэ уэзыуа зэрИэм папщІэ. Урысей лІыщхьэр зэрегупсысмкІэ, Астана щекІуэкІа зэІущІэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ Женевэ щекІуэкІыну зэпсэлъэныгъэхэм.

«Къэбгъэлъагъуэмэ, Іэмал щыІэ хъуащ зауэр къэгъэувыІэным укІэлъыплъыныжмкІэ. Абы и фІыгъэкІэ зэпсэлъэныгъэм Женевэ щыпытщэфынущ», - жиІащ Путиным. Абы къыхэзгъэлъэныгъэ, Къэзахъстаныр а зэІущІэм и къэухьагъэ аракъым, атІэ Астана щекІуэкІа зэпсэлъэныгъэхэр екъуІэлъэныгъэкІэ иухыными хуэщхьэпащ .

УнафэщІэхэм дэфтэр зыбжанэм Іэ тридзащ. «ЛъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэр егъэфІэкІуэнымрэ къэралитІыр зэдзэлэжьэнымрэ хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам падпщІэ» Путин Владимир Рахмон тыгъэ хуищІащ Невский Александр и орденыр. Апхуэдэу Зэныбжьэгъугъэм и орден хуагъэфэщащ Таджикистаным нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министрым.

КъыкІэлъыкІуэ махуэм Путиныр Кыргызыым иритэблэгъащ президент Атамбаевым. Къэралыр Евразие Экономикэ Зэгъэхьэныгъэм хыхьа нэужь Урысейм къакІуэ кыргызыз экспортыр проценти 138-кІэ (2016 гъэм хъриуфыбдзу) хэхъуащ. Ди къэралым нэхъыбэу кърашэ текстиль, вакъэ, гъущІ, ерыскъыхэкІэр. Зэгъуэныгъэм хыхьэ адрей къэралхэми хуэдэу, кыргызыхэр Урысейм щыІэжьэн папщІэ хуитынигъэ къозыт дэфтэрхэри урысибзэмкІэ экзаменэхэри щыІэжьхьэм.

КъищынэмыщІауэ, гупыІэтэ хуащІащ гуманитар унэтІыныгъэми: щэнхабзэмкІэ, егъэджэныгъэмкІэ министерствэхэм зэгъусэу къызэрагъэпэщыну Іуэхугъуэхэм. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Кыргызыым щыщ цыху мин 16,7-м Урысейм щІэныгъэ щызрагъэгъуэт.

Зэпсэлъэныгъэхэм я кІэуахьу и гугъу ящІащ Азие Кіуэрытым и щІыналъэ щыІаныгъэншагъэм: экстремизмэм, наркотикхэр хабзэм къемызэгъэшу зегъэкІуэным, щІэпхъаджагъэ зэгъуІуам зэгъусэу ебэныным - урысей-кыргызыз зэпыщІэныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэм.

ЩІымахуэм и иужьрей махуэм, мазаем и 28-м, УФ-м и Президентыр Азие Курытым къикІыжащ.

БУРАВЧИКОВЭ Дарье.
«Аргументы и факты»

ПІалъэ иІэжкъым

● Псэупіэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Іэ тридзащ УФ-м и цІыхухэм я псэупІэр уней мылъку зэращІынум (приватизацэ) пІалъэ зэримыІэмкІэ къэрал законым.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, пщІэншэу приватизацэ щІыным теухуауэ щыІа унафэм ипкъ иткІэ ар мы гъэм и гъатхэпэм и 1-м иухыу щытащ. Жэрдэмхэр къыхалъхьащ унафэм и къарур Кырымым щыпсэухэм, унэ ныкъуэкъауэхэм щІэІэпхъуакІэхэм, сабий зеиншэхэм папщІэ иджыри 2020 гъэ пщІондэ ягъэІэпхъуэну.

Урысейм и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий къыхэзрыхигъэщамкІэ, Путин Владимир сытым дежи и телъхьэу щытащ псэупІэхэм уней мылъку пщІэншэу икІи пІалъэ имыІэу щІыным.

Унафэр зэрылажьа илъэс 25-м къуржыбдэу фэтэр мелуан 30,5-рэ цІыхухэм приватизацэ ящІащ. Къэралым Іэщ1ельщ иджыри мелуан ныкъуэ, абы щыщу мин 300-р жьы дыдэ хъуа псэупІэхэм ящыщщ. Статистикэм къызэригъэльагъуэмкІэ, ар псэупІэ фондым и процент 30-м ноблагъэ.

Приватизацэ пщІэншэм и пІалъэр пщІэнейрэ ягъэІэпхъуащ. Мы гъэм гъатхэпэм и 1-м къыщыщІэдзауэ уней лъапсэм хагъэхьэ псэупІэр абы и кадастр уасэмкІэ цІыхухэм къащэхужыным хуэкІуэн хуеящ. Арщхьэкіэ къэралым ар къищтажьэ.

«Приватизацэ пщІэншэм пІалъэ зэримыІэжьым дэ хыдолъагъуэ ди лъэпкъэгъуэхэм я хуитынигъэр зэхуэдэ зэращІар. Абыхэм ящыщхэм я Іуэху зэкІэлъэныкъуэныгъэкІэ е хуэмеинныгъэкІэ я псэупІэр уней ящІакъым», - жиІащ УФ-м и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ Журбэ Виктор. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщыкмкІэ, приватизацэр ящІыну Іэмал яІащ цІыху мелуанхэм икІи нэхъыбэм ар къагъэсэбэпащ. Ауэ псэупІэ ныкъуэкъауэр е къалэхум ит, пэшищ хуэ фэтэрыр приватизацэ ищІыну мыхъэзэрмэ, ар хэбгъэзыхь хъунукъым, пщэдей а Іуэхугъуэр зэрызэхуащІыжьынум къыхэкІ къудейкІэ.

Приватизацэ ямыщІа фэтэрхэр зыІэщІэльщ къэралращ. Абы къыхэкІкІэ апхуэдэхэм щыпсэу цІыхухэм пщІэ ят хуэдэу араща. А псэупІэхэр пщэи, къэпщэхуи, птыи, щІэину къэбгъани, банкхэм къыщыбгъэльагъуи хъунукъым - апхуэдэ дыдэ псэупІэкІэ къэпхъуэжьну ухуиту аркъудейщ. Зи пэшхэр уней лъапсэм хэзыгъэхьэну мыпІащІэхэм ящыщщ хуэмыщІауэ псэупхэр. Абыхэм ятьну хуейкъым бгъэІэпхъуэ мыхъу мылъкум техуэ налогыр - абы и куэдагъыр елъытащ илъэс къэс зыхэхъуэ кадастр уасэм.

ЦІыхухэр хэбгъэзыхь хъунукъым я псэупІэр уней ящІыну, ар, псалъэм папщІэ, ныкъуэкъауэу щытмэ.

Абы къыдэкІуэу къэрал псэупІэхэм, зэрыхабзэщи, зыхуей-зыхуэфІэхэр къызэрызэрагъэпэщ цыхуэхэм я Іуэхугъуэ. Сабийхэм щІэныгъэ нэс зрагъэгъуэтыну Іэмал яІащ. Республикэхэм къыщрата школ аттестатхэр къэзымылъытэ Украинэм къыщыхэщыкІыу, иджы ДНР-мрэ ЛНР-мрэ щыпсэухэм хуитынигъэ ягъуэтащ Урысейм щеджэну икІи щрагъэджэну, лэжьапІэ щыуныну. Нэхъапэми республикэм и паспортхэмкІэ Урысейм и гъунапкъэр зэпаупщІ хъунут икІи мафІэгум, къухъульатэм и билетхэр къащэхуфу щытащ, ауэ ар компание куэдым ядэртэкъым. Иджы Урысейм и сыт хуэдэ щыІэнлъэми а Указым къару щигъэтащ.

Пэжщ, абы къикІырыкъым ДНР-мрэ ЛНР-мрэ официальнэу къалъытауэ. Ауэ абы къегъэлъагъуэ щынлъэхэм щыпсэу цІыхухэм я хуитынигъэр къазэрыфІэІуэхур.

ДНР-м зэрыщыжаІамкІэ, паспортхэр Урысейм къыщалъытэн зэрыщІадзэрэ ар зэзыгъэпэщыну хуейхэм я бжыгъэм куэдкІэ хэхъуащ.

Газета.ru
интернет хъыбарегъащІэ ІэнатІэ

Урысеймкъыщалъытэ

Урысейм и Президент Путин Владимир мазаем и 18-м Іэ тридзащ Донецк Цыхубэ Республикэмрэ (ДНР) Луганск Цыхубэ Республикэмрэ (ЛНР) я паспортхэр къызэралъытэнум теухуа Указым.

ИДЖЫ Донбассым щыпсэуэр ДНР-мрэ ЛНР-мрэ я паспортхэмкІэ ди къэралым ихьэхьэфынущ визэнщэу икІи хабзэмкІэ адрейхэм хуэдэ хуитынигъэ яІэщ.

Указым къыщыгъэлъэгъуащ ар пІалъэ хэха зиІэ Іэмалу. Ауэ, къыхэгъэщыпхъэращи, зэман пыухыкІа абы къыщыгъэлъэгъуакъым, зэритыр Украинэмрэ республикэхэмрэ «политикэ щытыкІэр зэпІэзэрыт щыхъужьыхькІэ» жиІэущ.

Паспортхэм къищынэмыщІауэ, Урысей Федерацэм къыщалъытэнущ республикэхэм щата «щІэныгъэ зэрызэрагъэуэтамкІэ дэфтэрхэр, къызэралъхуамкІэ, унагъуэ зэрыхуамкІэ (зэрызэбгъэдэкІыжамкІэ), зэрыпІамкІэ, транспортхэр зэратакмкІэ щыхьэт техуэ тхьипхэр, транспортхэм якІэрыпъ номерхэу а щыпІэм къыщащтахэр».

Мы Указым икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІащ. ЗыщІыпІи къыщамылъытэу щыта Донбассым щыпсэухэм иджы Іэмал яІэ хъуащ Урысейм хуиту щызэкІуэну. Сабийхэм щІэныгъэ нэс зрагъэгъэтыну Іэмал яІащ. Республикэхэм къыщрата школ аттестатхэр къэзымылъытэ Украинэм къыщыхэщыкІыу, иджы ДНР-мрэ ЛНР-мрэ щыпсэухэм хуитынигъэ ягъуэтащ Урысейм щеджэну икІи щрагъэджэну, лэжьапІэ щыуныну. Нэхъапэми республикэм и паспортхэмкІэ Урысейм и гъунапкъэр зэпаупщІ хъунут икІи мафІэгум, къухъульатэм и билетхэр къащэхуфу щытащ, ауэ ар компание куэдым ядэртэкъым. Иджы Урысейм и сыт хуэдэ щыІэнлъэми а Указым къару щигъэтащ.

Пэжщ, абы къикІырыкъым ДНР-мрэ ЛНР-мрэ официальнэу къалъытауэ. Ауэ абы къегъэлъагъуэ щынлъэхэм щыпсэу цІыхухэм я хуитынигъэр къазэрыфІэІуэхур.

ДНР-м зэрыщыжаІамкІэ, паспортхэр Урысейм къыщалъытэн зэрыщІадзэрэ ар зэзыгъэпэщыну хуейхэм я бжыгъэм куэдкІэ хэхъуащ.

Газета.ru
интернет хъыбарегъащІэ ІэнатІэ

● ЩІэ

УнэтІыныгъэр яхъуэж

Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм зэман кІэщІым къриубыдэу Урысейм пашэныгъэр щиубыдыну зегъэхьэзыр биоэтанол къыщІэгъэкІынымкІэ. Апхуэдэу «Сочэ-2017» инвестицэ формуым щыжиІащ щынальэм и Іэтащхьэ Битаров Вячеслав.

БИОЭТАНОЛЫР куэду къыщІагъэкІыныр епхащ фадэ зыщІ заводхэм ящыщ куэдым я унэтІыныгъэр зэрахъуэжьым. Иджы фадэхэкІым и мызакъуэу, абыхэм къыщІагъэкІын щІадзэнущ гъэсныпхъэу къагъэсэбэп биоэтанолыр.

«Биоэтанолыр къыщІэгъэкІыным теухуа законыр иджыпсту жыджэру догъэхьэзыр, - жиІащ Битаров Вячеслав. - Ар къыдэхъулІэмэ, фадэ зыщІ заводхэм Іэмал ягъуэтынущ къэдгъэльэгъуа гъэсныпхъэр къыщІагъэкІыну икІи урысей экономикэм уеблІэ хэха щызрагъэгъуэтыну. Иджыпсту республикэм и правительствэм игъэхьэзыращ биоэтанолыр къыщІэгъэкІыным теухуа унафэм и проект. Зэман кІэщІым къриубыдзу абы щыхэплъэнущ УФ-м и Къэрал Думэм.

ГЕНЬ Игорь.
«Российская газета»

● Іуэху щхьэпэ

Япэ лъэбакъуэ хъунущ щогугъ

Дызэрыт илъэсым и мэлыжьыхьым Урысей Федерацэм Финансхэмкіэ и министерствэм къыдигъэкІынущ къэрал щІыхуэм и облигацэхэр (ОФЗ). Ар яхуэгъэзауэ щытынущ къызэрыгъэкІ щІыхуэхэм. Псори зэхэту тхьилъыпІэхэм я уасэщ сом мелард 20. Финансхэмкіэ министр Силуанов Антон зэрыжиІамкІэ, ар щІыхуэхэм я сэбэп зыхэлъ ІэмалыфІщ икІи щІыхигъэщащ езым и мылъку а Іуэхугъуэм хилъхьэну зэрырихъэзырыр.

СОЧЭ щекІуэкІа инвестицэ форумым министрым щыжиІащ Урысейр жыджэру рынокым зэрыщылажьэр.

«Иджыри къыздэсым дилажьым ди щІыхуэхэм яхуэгъэзауэ щІыхуэ къызэрыштэну Іэмалхэр», - къыхиГъэщащ Силуановым.

Минфиным и унафэщІым жиІащ ОФЗ-м ди щІыхуэхэм и цІыхухэр дихьэхыну, апхуэдэуи абы къыпэкІуэ мылъкур финанс рынокым и зыужьныгъэм УФ-м щІыпсэухэм хуащІ хэлъхьэныгъэхэм я япэ лъэбакъуэ хъуну зэрырищигугъыр.

ЩІыхуэм и Іэмалхэр

Силуановым и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, иджырей Іэмалыр адрейхэм къызэрыщхьэщыкІыр умыдзыхэу дзыхь хуэпщІ зэрыхъунумкІэщ. КъищынэмыщІауэ, облигацэхэм къапэкІуэ хэхъуэр адрей банкхэм я депозитхэм нэхърэ нэхъыбэнущ.

«Иджыпсту къыщІэдгъэкІ облигацэхэр илъэсищым ятещІыхьащ. Илъэс ныкъуэ къэскІэ зэ къыдэдгъэкІынущ», - жиІащ министрым икІи дыщІигъужащ инвесторым илъэсищыр иримыкъу щыкІи и мылъкур къыхихыжыну Іэмал зэриІэр, ар абы щигъэуэн тхьилъымпІэхэм къапэкІуэну хэхъуэр нэхъ мащІэу зэрыщытынур. Илъэсищым къриубыдэу облигацэхэм хэхъуэнущ илъэсым хуэзэу проценти 8,5-рэ.

«Хэхъуэр ефІэкІынущ коммерческэ банкхэм я депозитхэм, уеблэмэ, нэхъыфІу щытынущ иджыпсту рынокым къыщекІуэкІ адрей ОФЗ-хэм нэхър», - къыхигъэщащ Силуановым.

Япэ къыдэкІыгъуэр сом мелард 20 хъунущ, зы тхьилъымпІэ къэс 1 сом мин и уасэу.

«Зы къыдэкІыгъуэм щыщу инвесторым къищэхуфынущ сом мин 30-м къыщыщІэдзауэ сом мелуан 25-м нэс», - жиІащ абы. Бжыгъэр убзыхуауэ зэрыщытым и Іуэхукіэ Силуановым къыхигъэщащ ар зэлъытар щІыхуэм банкхэм щалэ ахъшэм и куэдагъыр зэрырар.

Физическэ щІыхуэхэм папщІэ ОФЗ-хэр сом мелард 20 - 30 хъуэу Минфиным къыдигъэкІыну и мурадщ, ауэ щІэупщІэр куэд хъумэ, Іуэхущ1апІэм а бжыгъэм хигъэхъуэну хъэзырщ.

«ЦІыхухэм яхуэгъэзауэ къыдэдгъэкІ облигацэхэр зэрырлажьэну щІыкІэм абыхэм я Іуэху еплъыкІэм теухуауэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьэнущ. Ар рынокым хэтхэм - инвесторхэм - зэрафІэтынш щІыкІэм хуэдгъэкІуэнущ», - дыщІигъужащ абы.

Финансхэмкіэ министерствэм щІыхуэ политикэмкіэ и департаментым и директор Вышковский Константин зэрыжиІамкІэ, тхьилъымпІэм и хуэзэ убзыхуауэ щытынущ, ауэ зэманкІэ хэхъуэ къыпэкІуэр. Япэ илъэсым елъытауэ, илъэсищым къыпэкІуэнур нэхъыбэнущ.

«Псалъэм папщІэ, илъэсищым къриубыдэу ОФЗ-м и хэхъуэм проценти 7,5-м къыщыщІэдзауэ проценти 10,4-м нэс хэхъуэнущ», - жиІащ Вышковскэм.

ЗэкІэ банкитІ къудейщ

Силуановым къызэрыхигъэщамкІэ, зэкІэ Минфиным и облигацэхэр цІыхухэм езыщэнур банкитІ къудейщ - Сбербанкымрэ «ВТБ 24»-мрэщ.

«Облигацэхэр зыІэрыбгъэхьэну тынш дыдэу щытынущ. Уеблэмэ, нэхъ гугъуныкъым банкым депозит къыщызэІутхынм нэхърэ», - къигъэгугъащ абы.

Министрым и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, тхьилъымпІэхэр онлайн Іэмалкіи къэхущэхуфынущ, банкхэм языхэзым «электрон пэш» къыщызэІутхмэ.

«Иджыпсту дызыдэлэжьэнур банк нэхъ инитІращ. Ахэр къыхэтхын хуей щІэхъуар мыхэр нэхъ банк зэтету зэрыщытырщ. А банкхэр инвестицэ унэтІныгъэхэм жыджэру щолажьэ. Облигацэхэр зыщэну банкхэм я бжыгъэхэм хуэмурэ хэдгъэхъуэну ди мурадщ», - къыхигъэщащ Силуановым.

Министрым и мылъку хилъхьэну зегъэхьэзыр

Финансхэмкіэ министрым зэрыжиІамкІэ, ОФЗ-р езы дыдэм фІэгъэщІэгъэнщ.

«Апхуэдэ хэлъхьэныгъэхэр сщІынущ ар зэрылажьэр си щхьэкІэ ельагъун папщІэ. Шэч къытехьэркъым мы Іэмалым щІэупщІэ зэрИэнур, мыр дзыхь зыхуэпщІ хъун хэхъуэ къызыпэкІуэн хэлъхьэныгъэщ, - жиІащ абы. - Мы тхьилъымпІэхэр къэфщэху - фыщІегъуэжьнкъым».

СЕРЕБРЯКОВ Дмитрий.
«ТАСС» хъыбарегъащІэ ІэнатІэ

Студентхэр пщІэншэу кърешэкІ

● Хьэлэмэтщ

Мэхъэчкъалэ щыщ таксистым студент губзыгъэхэр пщІэншэу кърешэкІ. Автомашинэр зезыгъэкІуэм я щыналъэм и тхыдэм теухуа упщІэхэр щІалэщІэхэм ярет икІи жэуапыр пэжу къыщІэкІмэ, гуэзгупщІэр къаІихыркъым.

МЭХЪЭЧКЪАЛЭ и уэрамхэм щызежэ такси къызэрымыкІуэр кърехуэкІ Расулов Ибрэхьим. Здынэсыну щыпІэм пщІэншэу кІуэну хуейм э, пассажир щІалэщІэм Дагъыстэным и тхыдэм теухуауэ зы упщІэм жэуап къритын хуейщ. Псалъэм папщІэ, Мэхъэчкъалэ къыщыунэхуар е республикэм и гъащІэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа щІыхуэр щыпсэуа илъэсхэр.

- Мы гукъэкІыр сэ телевиденэм къыщыслъэгъуащ - нэхъапэм ТНТ телеканалымкІэ екІуэкІыу щытащ упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэр таксим къитІысхьэхэм ирату. Сэ сыщІохьэуэпс студентхэм ди лъахэм и тхыдэр ящІыным. Аращ апхуэдэ зэпеуэ щІезгъэкІэкІри, - жеІэ Ибрэхьим. - Уи Хэкум и тхыдэм ущымыгъуаззмэ, ущалъхуа республикэм теухуауэ зыри пщІэркъым.

Расулов Ибрэхьим къызэрыхигъэщымкІэ, абы и упщІэхэр пассажирыр къызызкІа лъэпкъым елъытауэ ирет. Дагъыстэным лъэпкъ зэмылІэужьыгъуи 100-м нэблагъэ щопсэу, дэтхэнэми тхыдэ къулей иІэу.

Таксистым пщІэншэу къриушэкІ цІыхухэм ятекІуадэр фирмэм езым епшныжьк. Іуэхущ1апІэр зейри арэзы тохъуэ щІалэгъуалэм я республикэм и тхыдэр ящІэн зэрыхуейм. Расуловым и машинэм фирмэм видеокамерэ иригъэувэну и мурадщ. Абы щытраххэр «YouTube»-мрэ телевиденэмрэ кърагъэтыжьын папщІэ.

Ауэ Ибрэхьим и дежкІэ нэхъыщхьэр ахъшэракъым. Езым зэрызиумысыжьмкІэ, абы фІэгъэщІэгъэнщ щІалэщІэхэр къипщытэну, ахэр тхыдэм хигъэгъуэзэну. Расуловыр таксим илъэситІ хъуауэ щолажьэ икІи а лъэхъэнэм къриубыдэу, зэрыжиІэмкІэ, пщІэншэу студент губзыгъэ 30-м щІигъу къыпэкІуэ. Ар Мэхъэчкъалэ псоми я къыщацІыху.

Ибрэхьим и таксим къихутэну зи насып къикІа студентхэм абы псалъэ гуапэ фІэкІа хужаІэркъым. Таксист акъылыфІэм иримыхьэлІа адрей студентхэр поплъэ ар абыхэм я деж къыщыІухьэнум.

ДРОБОТОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

● ЗэпыщІэныгъэхэр

Куржыхэр Евросоюзым ирагъэблагъэ

Евросоюзым и Совет Нэхъыщхьэр арэзы техьащ ЕС-мрэ Куржыкмрэ визэншэу зэпащІэным. Иджы куржыхэр лъэпощхьэпо къыхэмыкІыу махуи 180-м нэблагъэкІэ Евросоюзым хьихьэ къэралхэм щыІэфынущ.

ИДЖЫРЕЙ Іуэхугъуэм хэплъэныр къаІэтауэ щытащ 2016 гъэм и гъатхэпэм. Илъэс кІуам и дыгъэгъазэм ЕС-м и Советыр, Европарламентыр, Еврокомиссэр къетеувыІащ визэншэу Куржым и цІыхухэр зэрызекІуэну Іэмал хэхам.

«ЗэрыпэплъэмкІэ, гъатхэпэм и кІэм къыщыщІэдзауэ куржыхэр ІпІалъэ хэхакІэ хуиту щызекІуэфынущ шенген хабзэм тет къэралхэм», - жиІащ Іэпхъуэшапхъуэмрэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ еврокомиссар Авромопулос Димитрас.

САМОЖНЕВ Александр.
«Российская газета»

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ**.

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№23-25, 27, 29-32, 37-хэм итщ).

15.

ХЪАЙРИ-БЕЙ къыщыкІуар махуитху дэкІа нэужь, абы ищІэрт дэ иджыри псы къызэрыдмыгъуэтар, ауэ къэхуаишхуэ щымыІэ хуэдэу зищІырт. Иджырей къэкІуэгъуэм Хъайри-бей и щхьэгъусэмрэ и къуэ цыкІумрэ къыздишат. Щіы Іыхьэр къызэхихІухьуэр абы къыджиІэрт дэнэ деж сыт щиухэнуми, псыкъуйм псы кхъухъуэу зэрыхуеижьэу. Абы дигъэлъэгъуащ хъумапІэхэри, лэжьакІуэхэм я шхапІэри, Іуэхур зезыгъэкІуэнухэм я хэщІапІэри здэщытынухэр. Хъайри-бей и къуэ цыкІури и адэм жиІэм едаІуэрт, къэхуэ топыр икъуэурэ.

Зэадзэзкъуэм топыр кърахуэкІыху, фызым Іэнэр къиуэдащ: си зыгъэпсэхупІэ хъуа дей жьыгым и щІагъым щащцыхуцхуэ щиубгъуари, къыздиша ерыскъыр дахэу къытригъэуващ. Іэнэм псори дригъэблагъэу къыщыджэм, Мыхьмуд-Іэзэ и нэщхъыр зэхуифащ. Абы фІы дыдэу къыгурыІуэрт - мыпхуэдэ шэджагъуашхэ Іэнэ зэгъэпэщащ щы Іыхьэр зейм къигъэувыну щигугъар псыкъуийр лажьэу ауТІыпща нэужьт, куэд щІауи а махуэшхуэм зыхуиГъэхьэзырырт. Мыхьмуд-Іэзэ фІэмыкІ-фІэмыкІІуэр щащцыху кІапэм щетІысэхри, Іэнэм тельу хъуам щыщ тІэкІу-тІэкІу ишхащ. Шэджагъуашхэр щыдухам, Хъайри-бей и къуэр Іурихащ, абы и анэр, цІыхубз пшэр лъагъуГуаф-фІэшхуэр сабийм бгъурылът, тутын ирифрэ «Іонайдын» («Ди пщэдджыжь фІыуэ») газетым къеджэу. Акъужь мащІэм газет кІапэхэр игъэхъейрт.

Мыхьмуд-Іэзэ иджыри зэ Хъайри-бей ишащ псыкъуий мащэм къитх щІыр щиткІыт плІанэпэм, сэри абы-хэм сакІэлъэкІыэтащ. Хъайри-бей и нэгумкІэ си къызэгурыІуат абдеж псы къыщигъэутынкІэ и гугъэр зэрыхихыжьыпар. Щіы Іыхьэр зейм эхьэкъуу и фІэщ хъуат зэман гъэнэгум а псыкъуийм псы къызэримыхъуэнур, игъащІэкІэ къимыхъэхэнкІи хъуну зэрыщытыр.

- Хуит дыкъэпщІрэ, Хъайри-бей, - макъ щэхуКІэ жиІэрт Мыхьмуд-Іэзэ, - иджыри махуэ зытІущкІэ дыбгъэлэжьэжатэмэ...

Абы а псалъэхэр хуэсакъыпэурэ къызыжьэдигъэкІащ. ПсыкъуиитІыр зэрыт щытыкІэ гугъэр, абы и лъэІуэкІэмрэ и щхьэр игъэщхьэн хуей зэрыхъуамрэ зэрыслъэгъуам сэ сриукІытащ икІи Хъайри-бей сыхуэзгуэпащ. Абы дей жыг щІагъымкІэ игъэзэжащ, и фызым еЧэнджащурэ зытІэкІуэр къэтащ, итІанэ къыдбгъэдыхьэжащ.

- Мыхьмуд-Іэзэ, мыбы ипэкІэ сы-къыщыкІуам, махуитІ-щы къызэт жыпІати, сэ махуиц нэхърэ нэхъыби уэстат, - жеІэ абы. - Ауэ псыр къэвгъуэтакъым. Щіыр мыхьэнэншэщ, нэхъыкІэ умыГуэтыжьину. Абы адэкІэ псыкъуий къэтІыныр щыдогъэт. Псыкъуий къыщытІыну щІыпІэмкІэ щыуар ди закъуэкъым. Мыр адэкІэ епТІых нэхъэрэ, нэгъуэщІ щІыпІэм деж къыщытІи нэхъыфІщ, Уэ нэхъ пщІэнщ дэнэ деж къыщыпТІ хъунуми.

- ЩІыщІагъ къатхэмрэ къуэпсхэмрэ ущимыгугъа дыдэм деж зыщахъуэж, - жиІащ Мыхьмуд-Іэзэ. - Сэ пысщэнущ мо псыкъуийр адэкІэ етІыхьыным.

- Псы къэвгъуэтмэ, хъыбар сывгъащІэ, сэ асыхьэтым сыкъэсынщ, зэрысхуэзфІэкІкІи фызгъэфІэжьынщ. Ауэ сынолъэІу сэри сызэхэпщІыкІыну: сэ си мурадкъым игъащІэкІэ псы къызыщІэмыкІыну щІыпІэр гъэжьпскІэ къисщІыкІыу сыкІэрытыну. Нобэ щІегъэжьауэ лжьапщІи фэстынукъым, фызэрыІэбэну Іэмэпсымэхэм я уаси фхуэхэзгъэкІынукъым, нэгъуэщІ-кІинэмыщІу фызыхуэныкъуэнухэри дяпэкІэ зи Іуэхур сэрэкъым. Алий фи гъусэу лэжьэнукъым, ар ди дежи нокІуэж, ауэ псыкъуийр нэгъуэщІыпІэ деж къыщыпТІын щІэбдзэмэ, Алий къэзгъэкІуэжынщ.

- Сэ мыбдеж псы къыщызгъуэтынущ, - ерыщым хуекІуауэ тригъэчыныкъырт Мыхьмуд-Іэзэ.

ИужькІэ абырэ Хъайри-бейрэ лъэныкъуэкІэ ІукІуэтащ. Сэ слъэгъуащ иужьрей махуэм техуэ лэжьапщІэр щы Іыхьэр зейм Мыхьмуд-Іэзэ къызэрыритар. Іуэхур зэрыхъуар гущІыхьэ щыхъуауэ, Хъайри-бей и фызым джэдыкІэ гъэварэ дзэпэнхэм щыщу къэнамрэ зы хъарбызышхуэ щІыгъуу къыдитащ.

- НакІуэ, унэм унэдгъэсыжьнщ, - жаІэри зэщхьэгъусэхэм ягу зэщІэщІам Алий ирагъэтІысхьащ.

Мыхьмуд-Іэзэрэ сэрэ ди закъуэ дыкъэнащ. Сэ иджыри зэ гу лъыстащ дунейр зэрыщымым. Зэхэпхэр щІыщІыръжьм я уэрэд кІэух зимыІэмрэ жьжьэу блэкІ мафІэгъум и гъуцІ щэрхъхэм я теуІуэ макъымрэ я закъуэт.

Шэджагъуэ нэужьым дэ дыпэжьажьым. Сэ дей жыгым и щІагъым сыщыгъуэльащ. Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм теухуа си гупсысхэмрэ нэкъыфІэщІ Іэфіхэмрэ сызэщІаІыгъэу, Мыхьмуд-Іэзэ къызбгъэдыхьащ.

- Си щІалэ, иджыри зы тхъэмахуэкІэ дыщыгъэлажьэ мыбдеж, - жиІащ абы. - КъищынэмыщІауэ, сэ уи щІыхуэ тІэкІуи стелът. Тхъэм жиІэмэ, бэрэжьей къакІуэ ди лажьыгъэр духьинщи, щы Іыхьэр зейри куэду къытхуэупсэнщ.

- Си гъэсакІуэ, дауэ хъуну псыр итІани къытхуэмыгъуэтмэ?

- Уи гъэсакІуэм жиІэр уи фІэщ щы, - жиІащ Мыхьмуд-Іэзэ си нэм къыщІэплъэурэ. Си щхьэм Іэ къыдирльащ, си дамащхьэм къытеуІуащ. Зэгъэр уэ цІыхухуэ хъунущ.

Сэ сытегушхуэкъым абы зыгуэркІэ сыпэрыуэну, «ИкІэри илэри зы тхъэмахуэщ, зыхуэзгъэшэчыжьнщ», - жысІэу сегупсыса фІэкІа. КъищынэмыщІауэ, сэ си гум илът театрым сыкІуэну, Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм иджыри зэ сыІупльэну.

Къыкlэлъыкlуэ махуищым псыкъуий мащэм къитха щІым и фэр ихъэжакъым. Хьэлъэ зэраІэтым и пхъэкъур зыгъэкІэрахъуэр сызэриза-къуэм щхьэкІэ, Мыхьмуд-Іэзэ пэгуным ятІэ куэд къикІуТэртэкъым. Абы ди лэжьыгъэр хуэм къищІырт, ауэ щІыр щабэти, Мыхьмуд-Іэзэ абы къаруушхуэ ирихьэлІэн хуей хъуртэкъым. Белыр тІэу-щэ нэхъыбэ къыщІимыгъалъэу пэгуным из къищІырти, «Іэт!» - жиІэурэ къаджэрт.

Пхъэкъу гъэкІэрэхъуэным сыпэмы-лъэщыжьыхэ щыхъукІэ, сэ сытІысыр-ти зыгъэпсэхурт. Псыкъуий мащэм сыкъышыщхьщыхьэжжІэ, зэхэсхьрт Мыхьмуд-Іэзэ зэрыщыхьэр. Абыи къыгурыІуэрт си къарум къимыхьжу сызэрешар, икІи апхуэдэ зэ-зэмызэхэм деж езыри къыдэкІуеи-жьрти тІуми зыдгъэпсэхурт. Сэ си гуапэ хъурт ар «си къуэ цыкІуКІэ» къызэджэ зэрыхъуар. Дей жыгым и жьаэм зы тэлай зыщыдгъэпсэхуа нэужь, абы макъ щабэкІэ, ауэ хэкъуэзакІэ: «ИІэ, зыдгъэІэт!» - жиІэрти, Іуэхум дыпэрыхьэжьырт.

Щхьэкъэмыщ Іэту дылажьэми, хабзэ тхуэхъуам дытету пщыхьэщхьэ къэс дэ Онгёрен дехьэрт. Сыт щыгъуи хуэдэу, сэ щхьэусыгъуэ гуэр хъэзгъуэтырти, псыкъуийтІыр си мыгъуэсу къалэ цыкІум и уэрамхэм тІэкІу къыщыкІухьэрт, Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм сыІуплъэнкІэ сытгъэу. Театрым и шэтыр гуэхжьыфэр здэщыІэдэм деж щытыкІ.

Ещанэ пщыхьэщхьэм, пхъащІэм и лъэщапІэм сыблэкІрэ пэт зэрымыщІэкІэ Тургай къыслъэщІыхьащ.

- Псыкъуийтім и Іэсэнхэр сыту уэхплъэрэ ныщхьэбэ, - жиІащ абы.

- Театрым ныщхьэбэ сыщІэпшэфын?

- НакІуэ, тІэкІу дыщыгъэс.

«Кўртулуш» щхапІэм дыщІыхьа нэужь, дз дыбгъэдэтІысхьащ артистхэр щызэхуэскІэ здэщыс хабзэ Іэнэшхуэм.

- Театрым укІуэн ипэ, уэ зебгъэсэн хуейщ екІуэр ещхьу аркъэ уефэфу, - жеІэ Тургай.

Ипэжьи пІэкІэ ар сэ нэхърэ зэрыпэхъыжь щыІэтэкъым. Сэ зы ІубыгъуэкІэ езгъэхащ мыл хэлъу абы си пащхьэ хъыригъэувэ аркъэ стэканыр.

- Пщэдейм ыщІэкІэ иджыпсту хуэдэ пІалъэм ирихьэлІэу щэтыфым къакІуэ, - жиІащ Тургай. - Къыппежьэнурэ ущІашэнущ.

Мыхьмуд-Іэзэрэ сэрэ пщыІэм къыщыдгъэзэжьым, абы гуапэу игу къыгъэкІыжьырт псыкъуий къитІам псы кхъухъуэу щилъагъуакІэ зыхищІа гуфІэгъуэ дакъикъэхэр. Пщэдфэщынт, езы Тхъэшхуэм и Іэкіэ псыкъуийтІым и напэм псы къыщикІа хуэдэу. Псыр ущимыгугъэ дыдэм деж, уздэмыплъа лъэныкъуэмкІэ хуэм щыкІуурэ къыщыпхивынти, итІанэ нэхъ уэр къэхъунт. ПсыкъуийтІыр абы щигугфІыкІырт сабий къалхъуагъащІэм зэрыщыгугфІыкІым ещхьу.

- СощІэж псыкъуий къызызэтІта гуэрым ищІа тхьэлъэІум щІихуищэм щІигъу къыригъблэгъауэ, мэлыш-хуиплІ яхуикІуаэ зэрыщытар. - жиІэжьырт Мыхьмуд-Іэзэ. - Псыкъуиитl гуэрым къыщыщІар-щэ! Апхуэдизкlэ гуфІэщауэ кІий-гуоушхуэ къиІэтати, псыкъуий мащэм къыщхьэщыпхъэда и дэІэпыкъуэгъуэм ящыщ зым пэгуныр Іэщ Іэхурн псыкъуийтІым и щхьэм фІэхуащ. Насып иІэти, пэгуныр нэщІт! НэгъуэщІ псыкъуийтІ Іэзэ гуэрым псы къыщигъуэткІэ, зэпымыууэ и акъылым икІырт: ар махуэ къэс кІуэрт псыкъуийщІэм деж и гъэсэнхэр и гъусэу, абыхэм Іэмал имыІэу псыкъуийм жраІэн хуейт абы псы къихъуэу щыхуежьа дакъикъэм зыхащІа гурыщІэ псори икІи абы папщІэ псыкъуийтІым и гъэсэнхэм ахъшэ яритырт. Иджы щыІэжькъым апхуэдэ псыкъуийтІ Іэзэхэр, ахэр зыхуэлажьэхэри нэгъуэщІ хъуащ. Япэ зэманым псыкъуийр къыщатІ щы Іыхьэр зейм пщІэнтІэпсыр ирикъуэкІыу псым лъыхъуэ лэжьакІуэм зэи зэхригъэхьынтэкъым: «Сэ сыхоКІ, адэкІэ текІуадэр уи Іуэхущ!» - жиІэу. Уеблэмэ напэтехт абы и дежкІэ и щы Іыхьэм телэжьыхьыр имыгъэшэнкІ, и гугъуехьыпщІэ химыгъэкІыну, имыгъэфІэжьынкІ, псыр къигъуэтами къимыгъуэтами емыльпІауэ...

Мыхьмуд-Іэзэ и гуныкъуэгъуэ къысхуиІуатэ щхьэкІэ, сэ абы и псалъэхэр сигу езгъэжьащІэ зэрыщыхьнур къызгурыІуэрт - дауэ щымытми, дэ Хъайри-бей къытхуэІеятэжьым, абы и гуэныхьи къэсщтэну сыхуейтэкъым. Сэ шэч лъэпкъ къытесхьэртэкъым псыкъуийм псы кхъухъуэ зэрыхуежьэу абы ди хьэкъыр къызэрыдитыжьынуми, ящэ зэманхэм щыІа хабзэхэм тету.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

Я хахуагъэм папщІэ - фІыщІэ

Урысей МЧС-м и Іуэхущ Іапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм Хэкум и хъумакІуэм и махуэм теухуауэ щекІуэкІа зэІуищІэм гулъытэ хэха щыхуащІащ мафІэсым цІыхур къыхэзыха щІалищым. Ахэр щоджэ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техническэ колледжым.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Борисов Вячеслав фІыщІэ тхыльхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ яритащ цІыхубз нык ъуэдыкъуэр мафІэсым къезыгъэна Дзарасовхэ Инаирэ Джамбулэтрэ, Бзабэз Ислъам сымэ.

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м мафІэс-къегъэлакІуэ часть №92-м хъыбар къыІэрыхьат Налшык къалэ Къалмыкъым и уэрамым къатитку хъуэ тет унэхэм ящыщ зым мафІэс къызэрыщыхъуам теухуауэ. Плъыр къэрэгъулыр щІы-пІэм щынэсам етІуанэ къатым тет фэтэрыр мафІэм исыт, абы и балконым цІыхуи 4 триубыдат.

ПкІэлъейкІэ ахэр кърашэ-ха иужь, мафІэм зэщІищта фэтэрым къыщыхъуар къащІащ. МафІэсгъэункІыфІ-къегъэлакІуэхэм хъыбар ирагъэщІат. Ауэ къызэхуэса-эр гуэвэрт, езыр-езыру зэмыкІуэф цІыхубз а пашым зэрыщыпсэур ящІэрт.

Мы Іуэхум кърихьэлІа Инал, Джамбулэт, Ислъам сымэ, зыр адрейм дэІэпы-къуурэ, балконым дэпщегщ. Бжэм хэлъ абджыр якъутэри цІыхубзыр балконым кьы-трашащ, ауэ цІыху нык ъуэдыкъуэр абы къыпхуехьэхьы-нутэкъым. Ар зэфІагъэкІащ псынщІэу къэса мафІэс-гъэункІыфІхэм.

- ЩІалэхэм лІыгъэм и щапхъэ игъэльэгъуэщи, гу-лъытэ яхуэтщІыну дыхуейщ. Урысей МЧС-м и Іуэхущ Іапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм 2017 гъэм мазаем и 2-м кІыдигъэкІа приказ №44-м ипкъ иткІэ, сэри Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщІхэ-ми къабгъэдэкІыу щІалэхэм фІыщІэ яхузощІ, - жиІащ Борисов Вячеслав.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ЩІыуэпсэм и илъэсым

Калифорниемщыщ щІалэ цІыкІу Хикман Райан и щапхъэ телъыджэ

США-м и Калифорние штатым щыпсэу Хикман Райан и ныбжьыр илъэсищ ирикъуагъэнтэкъым, и адэм ар кІэрыхубжьэрыху Іыхьпі Іэм щыздишам. Абдежым щІалэ цІыкІум щиІэтыгъуахэр апхуэдизу телъыджащэ щыхъуати, къыкІэлъыкІуэ махуэм ар я гъунэгъуэм дежкІэ екІуэкІащ, кІэрыхубжьэрыху зэхуахьэсахэр яхуэзхидзын мурад иІэу.

АБы ЛЪАНДЭРЭ илъэси 4 дэкІащ. Хикман Райан тІэкІу-тІэкІуурэ къригъэжьа и «Іуэхум» иджы зиужь зэпытщ. Ар мы зэманым унагъуэ 20-м «ядолажьэ». Абыхэм я кІэрыхубжьэ-рыухэр яхуэзощІекъуэри, езыр щыпсэу унэм и пщІанТІэм щызэхедзыж. Абы папщІэ щІалэ цІыкІум и адэ-анэм езыхэм я деж кІэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпІэу 8 щыхуагъэуващ.

Абыхэм щелэжьыж заводым зэадзэжьхуэр тхъэ-махуитІ-щым зэ макІуэ. ИкІи пластикыр, тхыльмпІэр, абджыр зэхэдзауэ ящэ. КъызэрагъэнэІуамкІэ, зи гугъу тщІа илъэси 4-м къриубыдэу, Хикман Райан и Іэ цІыкІухэм кІэрыхубжьэрыхуу тонн 20-м щІигъу щІигъэкІащ. БанкІрэ птулькІэу зэхуихьэсам я бжыгъэр мин 200-м щхьэдэхащ.

Хикман Райан а зэманым къыхэкъуам щыщу доллар 1600-р псапащІэ Іуэхугъуэхэм ятригъэкІуэдащ, адрей и ахъшэр - доллар мини 10-р - и адэ-анэм банкым хухалъхьащ, колледжым щІэтІысхьа иужькІэ и еджапщІэр ирыхуатыну.

ЩІалэ цІыкІум и зэфІэкІым гу гъатащ икІи пщІэшхуэ хуащІащ Хы Хуэмыр хъумэнымкІэ Калифорниемщыщ «Pacific Marine Mammal» центрым и лэжьакІуэхэм. Абыхэм ар хахащ а Іуэхущ Іапіэм и «ныбжьыщІэ лІыкІуэу».

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Япэ лъэбакъуэхэр

Налшык дэт Университетым спортКомплексым къыщызэІуахащ зи уэзыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ ныбжьыщІэхэм щадэлажьэ къудамэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр Паралимп джэгуэхэм хэтыну спортсменхэр гъэхьэзырынырщ.

МЫ КЪУДАМЭМ къокІуалІэ илъэс 12 - 17 ныбжьым итхэр. Ахэр гупиплІу гуэшащ, дэтхэми цІыху хырых хиубыдэу. Сабийхэм яхэтщ зи нэм фІыуэ имыльагъуэхэр, фІыуэ зэхэзымыыхэр, зи Іэпкъльапкъыр тэмэму къызыдэмыбэхэр.

Комплексым и тренер Іэзэхэр еш ямыщІэу гъэсэнхэм ядолажьэ икІи, езыхэм зэрыжаІэмкІэ, ехьулІэныгъэфІхэр яІэщ. «Псом хуэмыдэу куэд дехьэх баскетбольм, волейбольм, гандболым», - жеІэ тренер Беридзе Аннэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

КъБР-м и Къэрал филармонием и солисткэ Хьэкъул Оксанэрэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ зэгъусэу ящІэрагъэпэщащ «Гъатхэ жэщ» концертыр гъатхэпэм и 3-м Налшык къалэ и Музыкэ театрым щекІуэкІынущ. Сыхьэт 19-м зыщІидзэну пшыхь дахэм зыхэмыгъэкІыж макъамэр зи Іэпэгъуэхэмрэ къафэр зи щІасэхэмрэ.

● Прохладнэ щІынатІэ

Загъэкъабзэ, загъэдахэ

«Кавказ» федеральнэ гъэзэгум и Іыхьэу Прохладнэ щІынатІэм хиубыдэм жыгхэр щаухьэунщІ.

КЪУДАМЭ гъуахэр пихыурэ ирикІуэ механизированнэ бригадэм кІэщІу иужь иту мэлажьэ жыгхэр зыухьэунщІ гупхэри. Гъуахэр ирапщІыкІ, абыхэм я пІэкІэ жыгыщІэхэр хасэжынущ.

Къалэм и зыгъэпсэхупІэ паркым щолажьэ «Зеленхоз»-м и Іэщ Іагъэлэхэр. Тхьэмпэхэр, кІэрыхубжьэрыхуэмрэ къуацэхэмрэ зэхуатхъуэри ягъэ, дэшыпхъэр машинэхэмкІэ даш. Нэгъабэ мы щІыпІэм жыгыщІэрэ щхъуантІагъэ зэмылІэужьыгъуэу куэд щыхасащ, а Іуэхум мы гъатхэми пащэнущ. Лъэхъшэу къэкІ къуацэхэр паркым и плІанэпэ щхьэхуэхэм щагъэтІысыжьынущ, гуэл Іуфэхэр ягъэкъэбзэнущ, абыхэм ящхьыщыт дзэл къредабэхэм, дзэлыухэм къыхагъэхъуэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КЪБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт телекомпаниеми, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпаниеми, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниеми», «КЪБР-инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакІуэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и редактор **Истэпан Залинэ Джэбрэ Іил и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Истэпан Риммэ Хьэсэн и пхъур** зэрыІам къыхэкІыу.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур гъатхэпэм и 4-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдэу), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэу), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэу), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епТыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдэу **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), Компьютерк Іэ газетым и тепльэр ящІащ* **Доп Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №245